**दिन—मंगलवार** **दिनांक—28.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ विपक्षी महागठबंधन दिस सँ आइ संयुक्त चुनाव घोषणा—पत्र जारी कयल गेल। घोषणा पत्रक नाम—बिहारक तेजस्वी—प्रण देल गेल अछि। जाहि मे तेजस्वीक बीस प्रण अछि। महागठबंधनक दिस सँ देल गेल घोषणा पत्र मे बीस मास मे हरेक परिवारक एक सदस्य के सरकारी नोकारी देबाक गप कयल गेल अछि। एहि लेल सरकार बनलाक बाद बीस दिन मे अधिनियम बनाओल जायत। घोषणा पत्र मे पंचायत आओर नगर निकाय चुनाव मे अत्यंत पिछड़ा वर्गक लेल आरक्षण बीस प्रतिशप सँ बढ़ा कऽ तीस प्रतिशत करबाक लेल चर्चा कयल गेल अछि। सभ भूमिहीन ईबीसी, एसएसी, एसटी आओर ओबीसी परिवार के गाम मे पाँच डिसमील आओर शहर मे तीन डिसमील जमीन देबाक घोषणा कयल गेल अछि। घोषणा—पत्र मे राज्यक निजी कॉलेज आओर विश्व विद्यालय मे आरक्षण लागू करबाक गप सेहो कयल गेल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उप—मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी महागठबंधनक घोषणा पत्र पर निशाना साधैत जनौलनि जे एहि मे कोनो नव गप नहि कहल गेल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे चुनाव जीतबाक लेल महागठबंधन जनता के मिथ्या—झूठ सपना देखा रहल अछि।

---

छठि पूजाक बाद विधानसभा चुनाव लेल प्रचार—प्रसार अभियान काल्हि सँ तेज भऽ जायत। वरिष्ठ भाजपा नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह काल्हि दरभंगा, समस्तीपुर आओर बेगूसराय मे कतेको चुनावी सभा के संबोधित करताह। ओतहि वरिष्ठ भाजपा नेता आओर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह दरभंगा, पटना आओर सारण जिला मे जनसभा के संबोधित करताह। उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, मध्य प्रदेशक मुख्यमंत्री मोहन यादव

आओर दिल्लीक मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता सेहो काल्हि एनडीए उम्मीदवारक समर्थन मे चुनाव रैली के संबोधित करताह। एहि बिच कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी काल्हि मुजफ्फरपुरक सकरा मे एक चुनावी जनसभा के संबोधित करताह।

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मुजफ्फरपुरक गायघाट मे चुनावी सभा के संबोधित करैत एनडीए प्रत्याशी के जीतेबाक लेल जनौलनि। एहि मौका पर श्री कुमार जनौलनि जे हुनक सरकार सभ वर्गक विकास लेल काज कयलक अछि। ओ आरोप लगौलनि जे राजद आओर कांग्रेसक शासनकाल मे कोनो काज नहि भेल छल। राज्य मे भय बनल रहल छल आओर अपहरण आ लूट एक संगठित अपराध बनि गेल छल। एम्हर, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सारण जिलाक मांझी, तरैया, मढ़ौरा, अमनौर आओर गरखा मे महागठबंधक उम्मीदवारक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री यादव जनौलनि जे महागठबंधनक सरकार बनलाह पर माई–बहिन मान योजना के लागू कयल जायत। ओ जनौलनि जे युवा सभ के राज्य मे रोजगारक मौका देल जायत, जाहि सँ पलायन रूकत।

———————————————————————

उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलाक संगहि छठि महापर्वक चारि दिवसीय अनुष्ठान आइ पारनक संग संपन्न भऽ गेल। प्रदेशक प्रमुख नदी गंगा, कोसी, गंडक, बागमती, कमला–बलान आओर आनो–आन नदिक संगहि पोखरि, जलाशय आओर अस्थाई घाट सभ पर पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभ भगवान भास्कर के अर्घ्य अर्पित कयलनि। व्रती सभ अपन–अपन घरक बाहर बनल कुंड आओर छत पर बनल अस्थाई जलाशय मे सेहो अर्घ्य अर्पित कयलनि। एहि मौका पर चहुंदिस छठि गित सँ माहौल भक्तिमय बनल रहल।

———————————————————————

चुनाव आयोग जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर के नोटिस जारी कयलक अछि। हुनका पर आरोप छनि जे हुनक नाम दु राज्यक वोटर लिस्ट मे अछि। आयोग श्री किशोर के जवाब देबाक लेल तीन दिनक समय देलक अछि। सासारामक करगहर विधानसभा क्षेत्रक रिटर्निंग ऑफिसर जनौलनि जे प्रशांत किशोरक नाम बिहारक वोटर लिस्टक संग–संग पश्चिम बंगालक वोटर लिस्ट मे सेहो छनि। एम्हर, भाजपा आओर जदयू एहि के अपराध जनबैत एकर जाँचक मांग कयलक अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार आठम वेतन आयोगक गठनक घोषणा कऽ देलक अछि। न्यायमूर्ति रंजना प्रकाश देसाई आयोगक अध्यक्ष होयतिह। संगहि प्रोफेसर पुलौक घोष आओर पंकज जैन आयोगक सदस्य होयताह। सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ एकर घोषणा कयलनि। ई आयोगक अठारह मास मे अपन रिपोर्ट सौंपत। सरकार रबी सीजन दू हजार पचीस–छबीस लेल फासफेटिक आओर पोटाश खाद पर सब्सिडी के सेहो स्वीकृति देलक अछि।

———————————————————————————

बंगालक खाड़ी मे बनल चक्रवातीय तूफान मोन्थाक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तीस आओर एकतीस अक्टूबर कऽ भारी बारिश भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग तीस अक्टूबर कऽ मधुबनी, सीतामढ़ी, दरभंगा, सुपौल, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण आओर गोपालगंजक किछु क्षेत्र मे अति भारी बरखाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, एकतीस अक्टूबर कऽ मधुबनी, सीतामढ़ी, सुपौल, अररिया आओर किशनगंज जिला मे किछु ठाम अति भारी बरखा सेहो भऽ सकैत अछि। एहि बिच तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।